



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOCHEN ETAP NAN PLAN POU RANFÒSE SÈVIS SWEN LAKAY POU NOUYÒKÈ YO

Patenarya nan tout eta a pou bay bon jan kalite sèvis pou itilizatè swen nan kay yo, sipòte moun k ap bay swen yo, epi asire estabilite alontèm nan pwogram CDPAP vital la

Nouvo alyans ki gen plis pase 30 patnè rejyonal swen nan kay pou asire swen miltilang epi ki adapte sou plan kiltirèl

Nouvo Patenarya pral gen katye jeneral li nan Eta New York epi kreye plis pase 1,200 djòb pou Nouyòkè yo

Ofisyèl ak patnè Eta yo pral travay kole ak itilizatè swen adomisil yo, defansè moun ki gen andikap ak moun ki aje yo, ofisyèl eli yo, ak lòt moun ki gen enterè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon patnè nan tout eta a ak yon alyans divèsifye ki gen plis pase 30 patnè rejyonal ki pral ranfòse Pwogram Asistans Pèsonèl ki Dirije pa Konsomatè (Consumer Directed Personal Assistance Program, CDPAP) nan New York, ki bay anviwon 250,000 Nouyòkè sèvis swen adomisil vital. Patenarya nan tout eta a pral antre an vigè nan mitan ane 2025 la. Sa a swiv plan pou CDPAP ki te pase nan mwa avril pa Lejislati Eta a epi ki te apwouve pa Gouvènè a kòm yon pati nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2025 la.

"Nou pran angajman pou pwoteje itilizatè swen adomisil yo, sipòte moun k ap bay swen yo epi asire pwogram CDPAP vital la kontinye sèvi Nouyòkè ki konte sou li yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan nou an pral bay yon CDPAP ki pi solid epi li pral ogmante yon patenarya divès nan tout eta a pou asire bon jan kalite swen pèsonalize ke Nouyòkè yo bezwen."

Partenè New York nan tout eta a se Public Partnerships LLC (PPL), ki pral deplase katye jeneral nasyonal li nan Eta New York epi kreye plis pase 1,200 djòb pou Nouyòkè yo ansanm ak sipòte moun k ap bay swen CDPAP yo k ap travay kounye a nan tout Eta a.

Kòm yon pati nan pwosesis sa a, kalifikasyon CDPAP pou itilizatè swen nan kay la p ap chanje, epi moun ki resevwa swen atravè pwogram nan p ap bezwen re-aplike. Anplis de sa, pwosesis sa a pou ranfòse CDPAP pral asire moun k ap bay swen yo kontinye resevwa peman alè epi evite nenpòt entèripsyon nan sèvis la pou moun ki konte sou pwogram nan.

Nan kad angajman kontinyèl New York pran pou pwoteje itilizatè swen nan kay la, Gouvènè a te anonse tou ke ofisyèl ak patnè Eta yo pral kòmanse kounye a yon pwosesis tranzisyon konplè ki pral gen ladann reyinyon dirèk ak itilizatè CDPAP ak moun k ap bay swen yo, defansè moun ki gen andikap ak aje yo ak lòt moun ki gen enterè nan tout zòn lan nan mwa k ap vini yo.

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Prim kontra sa a asire Eta a pral kontinye bay opsyon swen nesèsè yo atravè Pwogram Asistans Pèsonèl ki Dirije pa Konsomatè a, ansanm ak ranfòse pwogram vital sa a pou bay sèvis ak swen san entèripsyon bay moun ki nan bezwen, pi gwo responsablite fiskal, ak peman alè bay founisè yo. Gouvènè Hochul ap kontinye pwoteje moun yap sèvi nan pwogram sa a kont gaspiyaj ak abi, epi nouvo alyans divès sa a pral pwoteje angajman ak travay kontinyèl Eta New York pou bay swen adomisil nan plizyè lang, ki adapte sou paln kiltirèl, ki fasilman aksesib pou moun ki konte sou li jodi a, epi ki pral bezwen li alavni."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral PPL la, Ofisye Vince Coppola, te deklare, "Nou kontan ak fyè pou nou sèvi kòm patnè Eta a, plis pase 30 patnè rejyonal FI nou yo, ak defansè lokal yo nan tranzisyon nan Pwogram Asistans Pèsonèl ki Dirije pa Konsomatè a. Konsantrasyon nou se sou asire entèripsyon minimal pou konsomatè yo ak moun k ap bay swen yo pandan n ap travay pou delivre yon pwosesis ki sansib sou plan kiltirèl ki pral ede soutni pwogram nan pou anpil Nouyòkè ki konte sou li."

Prezidan 1199SEIU United Healthcare Workers East lan, ki se George Gresham, te deklare, "Nou konnen dola kontribyab yo prevwa pou swen adomisil yo souvan mal depans nan depans administratif ki twòp ak salè egzekitif milyon dola yo. Tranzisyon pwogram sa a ak anpil atansyon se kle pou asire Nouyòkè vilnerab yo ka kontinye viv avèk diyite nan pwòp kay pa yo – epi tou pou pwoteje moun k ap bay swen yo ki bay anpil sipò pou granmoun aje yo ak moun k ap viv ak andikap yo. Nou apresye Gouvènè Hochul ki pran aksyon sa a pou defann enterè espesyal yo ak pi byen pwoteje konsomatè swen adomisil yo ak travayè ki pran swen yo. Nou pran angajman pou travay an koperasyon ak Gouvènè a pou finalman garanti ekite nan pwogram Medicaid an jeneral epi asire yon tranzisyon san pwoblèm pou konsomatè ak travayè swen adomisil yo."

Lè li angaje nan yon patenarya nan tout eta a ak PPL, Eta a pral aktive tou divès alyans patnè soutretan PPL nan tout Eta a, ki pral asire swen adomisil nan plizyè lang, ki adapte sou plan kiltirèl fasilman aksesib pou itilizatè CDPAP yo sou yon baz rejyonal.

Sijè a apwobasyon Eta, alyans divèsifye sa a dwe genyen ladan li:

- Kat Patnè Swen Adomisil Rejyonal Debaz:
 - Konsèy Palnifikasyon Ameriken Dorijin Chinwa (Chinese American Planning Council), prensipal patnè rejyonal pou Vil New York, Long Island ak Konte Westchester.
 - Concepts of Independence, Inc., prensipal patnè rejyonal pou rejyon Hudson Valley ki gen ladan konte Rockland, Dutchess, Putnam ak konte ki antoure yo.
 - Angels In Your Home, prensipal patnè rejyonal pou zòn ki nan mwaye eta ki gen ladan Albany, Saratoga, Rochester, Buffalo, Syracuse ak konte ki antoure yo.
 - Consumer Directed Choices (CDChoices), patnè rejyonal prensipal pou zòn nò ak sidwès yo ki gen ladan konte Allegany, Oswego, Hamilton, Clinton ak konte ki antoure yo.
- Alyans Patenarya Estratejik Founisè ki Baze nan Kominote a:
 - Plis pase 30 diferan ajans swen nan kay ki aktif kounye a nan CDPAP New York la ki bay yon pakèt swen nan plizyè lang ki adapte sou plan kiltirèl pou kominote yo atravè Eta a. Lis ajans adisyonèl k ap patisipe nan alyans patenarya estratejik sa a pral anonse nan fiti pwòch.

Chinese-American Planning Council Home Attendant Program Inc. Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral (CPCHAP), Wayne Ho, te deklare, "Nou te jwenn yon patnè nan PPL ki priyore konpetans kiltirèl ak sipò pou kominote ki defavorize yo. Ansanm ak lòt patnè rejyonal FI nou yo, nou pa ka tann pou nou kontinye ankouraje aksè ak sèvis ak resous pou moun ki gen enterè nan CDPAP yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Concepts of Independence Ian, Anthony Caputo, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou fè pati ekip FI ki pral mennen CDPAP pi devan pou ane k ap vini yo. PPL ak alyans patnè estratejik FI yo konprann enpòtans pwogram sa a pou sitwayen ki pi vilnerab nou yo, epi nou detèmine pou fè tranzisyon an san pwoblèm."

Direktè Egzekitif Jeneral Angels in Your Home, Jon Wegman, te deklare, "PPL ap sèvi kominote ki aje ak andikape yo pandan 25 ane, kidonk nou te kontan lè yo te mande nou pou nou vin yon patnè FI rejyonal. Entansyon nou se kontinye sèvi kliyan CDPAP ak asistan pèsònèl nou yo pandan n ap ogmante kapasite pou akomode moun ki gen enterè CDPAP sa yo k ap transfere soti nan lòt FI yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Consumer Directed Choices, Chris Graber, te deklare, "CDChoices te yon FI pyonye pou CDPAP epi li te kontinye fè efò pou amelyore pwogram pou konsomatè yo ak asistan pèsònèl yo. Nou fyè dèske nou fè pati ekip PPL la pou lavni pandan n ap travay nan direksyon yon tranzisyon lis ak dirabilite pwogram nan."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare, "Gouvènè Hochul te montre lidèchip reyèl lè li ranfòse CDPAP pou asire yo pral sèvi ak dola kontribyab yo pou objektif yo prevwa: bon jan kalite sèvis pou itilizatè swen adomisil CDPAP yo. Nou pa ka tann pou nou wè plan sa a avanse pou l ka bay bon jan sipèvizyon regilasyon pwogram sa a epi bay pi bon rezilta pou itilizatè swen adomisil yo ak moun k ap bay swen yo."

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te mete aksan sou ofisyèl ak patnè Eta yo pral kòmanse kounye a yon pwosesis tranzisyon konplè ki konsantre sou asire kominikasyon, dyalòg ak sipò pou itilizatè CDPAP yo ak moun k ap bay swen adomisil yo.

Pwosesis tranzisyon sa a ap kontinye pandan tout mwa k ap vini yo epi l ap asire itilizatè swen adomisil yo ak moun k ap bay swen yo pwoteje anvan nouvo patenarya nan tout eta a antre an vigè.

Pwosesis sa a pral gen ladan l:

- Renyon dirèk an pèsòn ak reyinyon vityèl ak itilizatè swen adomisil ak moun k ap bay swen yo nan tout Eta a.
- Kowòdinasyon ak gwoup moun k ap defann moun ki andikape yo.
- Dyalòg ouvè ak ofisyèl eli yo atravè Eta a.
- Revizyon kontinyèl pa ofisyèl Eta a pou asire bezwen itilizatè swen nan kay ak moun k ap bay swen yo byen adrese anvan nouvo patenarya nan tout eta a antre an vigè.

Anplis de sa, PPL te mete aksan sou nouvo patenarya nan tout eta a pral genyen yon plan kominikasyon solid, nan plizyè lang, aksesib ki konsantre sou kontni enprime, dijital ak medya sosyal pou asire itilizatè swen adomisil ak fanmi yo konprann sèvis CDPAP ki disponib pou yo epi fè li fasil pou itilizatè swen adomisil yo chwazi moun k ap bay swen ki apwopriye a pou adrese bezwen pa yo.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)